

**SI OU SE PATI KI TE FÈ APÈL LA EPI OU PA DISPONIB NAN NAN LÈ KI
TE PWOGAME POU ODYANS LAN, KA A PRAL REJTE PA KOMISYON
AN.**

ENSTRIKSYON POU ODYANS

Yo pran temwanyaj yo sou sèman epi odyans lan anrejistre

SA SE YON ODYANS KOTE TEMWANYAJ KI ASÈMANTE NESESÈ. SA KAPAB SÈL OPÒTINITE OU GENYEN POU TEMWANYE. OU KAPAB PREZANTE TEMWEN OU YO NAN ODYANS LAN EPI OU KAPAB REPREZANTE PA YON AVOKA. NAN TOU DE KA YO, OU DWE ARANJE W POU YO KAPAB DISPONIB NAN ODYANS LAN. DEMANN POU SITASYON YO DWE VOYE DIRÈKTEMAN BAY RÈSPONSAB ODYANS LAN.

Si ou genyen dokiman pou prezante kòm prèv nan odyans lan, ou dwe pote orijinal la pou prezante rèsponsab odyans lan avèk de kopi, yonn pou avoka Divizyon Sekirite Travay la epi yonn pou ou.

Si ou menm, antanke pati ki te fè apèl la, ou pa prezan pou yon odyans an pèsòn epi ou pa reponn premye apèl la, odyans lan pral retade pou kenz (15) minit. Si pati ki te fè apèl la pa parèt nan odyans lan aprè kenz (1) minit reta a, apèl la ap rejte.

AVI: Sèlman Rèsponsab Odyans ki genyen otorite pou tande ka a kapab pèmèt yon kontinite. Akoz de enkonvenyan epi depans anplis ki enkli, yon kontinite pral pèmi nan sikonstans ki pa abityèl yo. Pou fè yon demann pou kontinite, rele Rèsponsab Odyans lan avan dat ki pwogame pou odyans lan.

Avi Odyans lan te voye pa lapòs: _____99/9999